Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 48 (7552)
24 ноябрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА **«САДОВОД»**

Ришватчилъиялде данде

## ХIалтIуе - лъикIаб къимат



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кабинеталъуб тIобитIана ришватчилъиялде данде чIеялъул комиссиялъул иргадулаб данделъи. Гьениб ришватчилъиялде данде чIеялъул комиссиялъул председатель, райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва гIахьаллъаралги гIенеккана районалда ришватчилъи лъугIизабиялъул комиссиялъул жавабияз гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ докладазухъ.

Данделъиялда докладгун кIалъана «ЦIатIанихъ СОШ» МКУялъул директор З. МухIамадбегов, Генуб школалъул «Дом детского творчества» МКУялъул директор А. ГIабдулаева, Унсоколо районалъул ЖамгIияб Палатаялъул председатель М. ГIабдулаевги. Гьединго кIалъаял гьаруна районалъул администрациялъул юрист Умаразият Бартыхановалъ, къотIи-къай гьабурав управляющий ХI. ГIабдурахIмановас, райадминистрациялъул финансовияб отделалъул нач. Ж. Шамсудиновас.

КIалъаразул докладазухъги гIенеккун ГI. НурмухIамадовас комиссиялъул председатель хIисабалда лъикIаб къимат кьуна районалда ришватчилъи лъугIизабиялъе гьабураб хIалтIуе.

Призывалъул суалгун

## Щивав бихьинчиясул иш



Араб анкьил ахирал да Унсоколо районалъул администрацилъул бетIер ГIиса НурмухIамадовас данделъи тIобитIана районалда хасалихълъиялъул призыв унеб бугеб куцалъул суалги гьоркьоб лъун. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул заместитель М. ХIамзатов, МВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул начальникасул тIадал ишал тIуралев А. МухIамадов, районалъул рагъулаб комиссариаталъул начальникасул ишал тIуралев М. Гъапуров, росабазул бутIрул ва администрациялъул хIалтIухъаби.

ДандчIваялъул байбихьуда ГI. НурмухIамадов ва цогидалги гIенеккана росабазул бутIрузул призывалда хурхарал кIалъаязухъ. Хадуб гьес бихьизабуна щивав призывалъул саназда вугев гIолилав армиялде ине кколин, ВатIан цIуни ва гьеб цIунулевлъун вукIин щивав бихьинчиясул иш бугин.

Жиндирго кIалъаялда рагъулав комиссар М. Гъапуровас лъазабуна: гьаб соналда районалдаса хаслихълъиялъул призывалъе рихьизарун руго 45 гIагарун чи. Жакъа къоялде хехаб хъулухъалде районалдаса ритIана: Унсоколоса – 2 чи, ХъахIабросулъа – 2 чи, Рихьуниса – 4 чи, ГIашилтIаса – I чи.

ХIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатовас бихьизабуна повесткаби кьеялъе район нахъе ккун бугин, гьелъие гIилла кколин гьабсагIаталда призывалъзул гIумроялде рахарал районалда гьечIолъи. Гьел ун руго бакI-бакIазде, Россиялъул бокIназде хIалтIизе. Гьеб иш лъикIлъиялъе тIад чIарал хIалтIаби районалда гьарулел руго.

Баркиял

## РакI-ракIалъ баркула



Гьал къоязда гьавураб къо кIодо гьабулеб буго РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, «НК» «Роснефть-Дагнефть» АОялъул Генералияв директор, ХIажи МахIачевасул фондалъул правлениялъул член, гIелму-лъай ва культура цебетIезабиялъул рахъалъ Правлениялъул член, нилъер ракьцояв Муслим Гиндеевас.

ХIурматияв Муслим ГIабдулхаликъович! Районалъул администрациялъул, Собраниялъул, ЖамгIияб Палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула Дуда гьаб рохали лаб Къо! Гьарула сундасаго цебе сахлъи ва хIажатабщинаб, гIумроялъулъ битIккей, тIаса унареб рухIиябгун къуваталъул гьира-цIа, киналго рекIел мурадал тIурай!

Биччанте хадубккунги битIккей ва бергьенлъаби гьарзалъизе Дур гIумроялъулъ, талихIалъ ва ракIбохиялъ рехун тогеги, киналго лъикIалщинал анищал-хиялал тIурайги Дур!

**ХIурматгун Унсоколо районалъул бетIер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**

## Налогазулазул праздник

ХIурматиял налогазул органазул хъулухъалъул ветеранал ва хIалтIухъаби!

Районалъул администрациялъул хIалтIухъабазул, районалъул депутатазул Собраниялъул, жамгIияб Палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб праздник – налогазул органазул хIалтIухъабазул Къо!

Налогазул органал рукIуна улкаялъул экономикиябгун социалияб рахъалъ гарантлъун. Жиндир заманалда рачIунел налогал ккола районалъул инфраструктура цебетIеялъе, халкъалъул гIумру гьабиялъул даража борхиялъе аслияб рахълъун.

Нужер махщалида, принцип букIиналда ва гIадамалгун хIалтIизе бажариялда бараб букIуна киналго бюджеталъул бутIабазул тIурай, инвестиционнияб климат, приоритетнияб проектал хайираб куцалда гIумроялде рахъинари, район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезаби, гьелдаго цадахъ жаниб гIумро гьабулезул рукIа-рахъиналъул даража борхи.

РакI-ракIалъ баркала кьола Нужее тIадегIанаб ва мустахIикъаб хъулухъалъухъ, захIмат бокьиялъухъ, налъиялъе ритIухъал рукIиналъухъ. Гьарула Нужее щулияб сахлъи, хъизаналъулаб битIи, хадуркиунги хIалтIулъ лъикIал хIасилал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 48 (7552)
Хамиз
24 ноябрь 2022 сон



РДялъул БетІер С. Меликовас данделъи ахІана хасалил заманалде хІадурлъиялда хурхун суалги гьоркьоб лъун.

БакІал раялъул ва ЖКХялъул министр А. Сулеймановас баян кьуна хасалиде хІадурлъи І00 % бугин. Гьединго Дагъистаналде газ бачине буго гьаб соналъ 2 азарго рокъобе. ГІарац биччан буго льготаби ругел гІадамазе рукъалда жаниб газ чІезабулеб оборудование босизе.



Призывныказулгун гара-чІвари

# Яргъилаб лъай борхизабиялъе



Гьал къоязда Унсоколо районалъул бетІер, районалъул призывнияб комиссиялъул пред. ГІ. НурмухІамадовас ва районалъул рагъулаб комиссариаталъул комиссарасул ишал тІуралев М. Гъапуровас гара-чІвари гьабуна призывалъул ригьалда ругел гІолилазулгун ва гьезул эбел-инсулгун. Аслияб мурадлъун гьелъул букІана гІолилаз РФялъул территориялда рагъулаб хъулухъ гьабиялъул, гьелъул рагъулаб къуват борхиялъул бугеб кІвараалъул, яргъида хурхараб лъай гьезие щвеялъул.

-Армиялда кІвар бугел рахъаллъун ккола гьанжесеб ярагъалъул цІилъаби лъай, гьел хІалтІизаризе бугеб бажари тІатинаби. КигІанго лъикІал, щвалде щварал ва автоматизировать гьа-рураллъун гьанжесеб ярагъ бугониги гьелда нахъа рукІине ккола махщел-лъай бугел специалистал. Кинабго рахъалъ гьелъие лъай щвезе рес буго хехаб къагІидаялъ хъулухъалде ахІулезе,-ян бицана бетІерас данделъиялда.

Рагъулав комиссар М. Гъапуровас гІолилаздехун ва гьезул эбел-инсудехун гьабураб гара-чІвари лъугІизабуна хехаб хъулухъ гьабизе ахІулел СВОялъул рагъал унел зонабазде ритІизе гьечІин, гьел ине ругин рагъулаб лъай щула гьабизе,-абун.

ЦІетІендерил вакилзаби -бетІерасухъ



Араб анкьил ахиралда районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовгун дандчІвазе рачІун рукІана ЦІа-тІанихъ росдал жамагІаталъул вакилзаби. Гьенир рорхана артезианалъул скважинаялъул лъел бугеб хІал, ЦІияб ЦІатІанихъ росулъе газ бачиналъул, гьеб Тисси росулъе ругел автомобилазул нухазе ремонт гьаби гІадал суалал.

Районалъул бетІерас вакилзабазе баян гьабуна артезианалъул лъел хІакъалъулъ суал гьеб иш тІаде кколел гІадамазда цебе лъунин ва программаялъу лаб къагІидаялъ гІумроялде бахъинабизе бугин. Газалда хурхун абулаго, - ян тІадчІей гьабуна бетІерас, руго суалал этапалккун тІуразаризе кколел. Гьел ккола гІадамаз гІумро гьабулел пунктазда бищунго кІвар кьезе кколелллъунги.

ДандчІваялъул ахиралда ГІ. НурмухІамадовас баркала загьир гьабуна росабазул суалал рорхаразе ва бихьизабуна хадурккун гьел кІваркьеялде гъоркье росилин.

Спецоперация

# «Солдатасе – посылка» акция




Гьал къоязда Рихьуни гьоркьохъеб школалъул цІалдохъабаз Донбасс Украиналъул националистаздаса эркен гьабулел солдатазе битІана тІоцебе хІажалъулебщинаб жаниб лъураб посылка. Гьениб лъун рукІана тІоцебесеб кІвараалъул жал; масала, хинал носкаби, дараби, тушенка, конфетал, кондитерскиял жал ва цогидаби.

Гьезда цеве кІалъалаго муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас лъикІаб къимат кьуна цІалдохъабазул рагъухъабаздехун бугеб балагьиялъе. Гьес бихьизабуна: «КІудияб кІвар буго рагъда ругезе гьединал акциязул. Гьеб буго нилъеца гьезул ишазе къимат кьей, гьел ричІчІи. гьелъ борхизабула моралияб гьира, цІикІк1инабула тІубазабулеб ишалде бугеб балагьи. ВатІан цІунулездехун гьединаб балагьи гьаби буго нилъ цІалдохъабаздаса чІухІизе бегьулеб иш. Патриотизм ккола ВатІан бокьиялъул тарбия щвей, гьеб нилъер щивасул букІинеги ккола. Гьеб асаралъ нилъер рагъухъбазе кумек гьабуна КІудияб ВатІанияб рагъда бергьинеги»,-абун.

ЦІалдохъабазул дандчІваялда муниципалитеталъул бетІерас баркала загьир гьабуна гьеб акция гІуцІаразе, гьарана ВатІан цІунулел хехаб бергьенлъигун тІад руссин.

Гьанибго бихьизабизе ккола рихьун-дерил гьеб лъик1аб байбихьи цогидазги г1адахъ босани бегьилаанилан. Биччанте нилъер рагъухъабазда жал жалго тун гьеч1олъи бич1ч1изе.

ЗахІматалъул тарбия

# ЗахІматалъулъ лъадарула чи

Дагъистаналъул хІалтІудалъун гІадамал хьезариялъул Министерствоалъул хасаб программа буго І4 лъдаса І8 сон базегІан ругел гІун бачІунеб гІел захІматалдехун ругьун гьариялда хурхун гьабураб. Гьебги кьочІое босун, рачун лъималгун сапар бухьана гьал къоязда Шамильхъала СОШалъул директорасул зам. ХІамзатова Гульжантица ва районалъул общественнияб Палатаялъул председатель, Унсоколо № 2 школалъул гІуцІарухъан ГІабдулаев МухІамадицаги «Гебегалилъ» магъилъе. Гьезда цебе лъураб масъала букІана гІинтІи бакІаризе.

Лъималаз хабар-кІалалда, берцинго цадахъ рекъон бакІарана гьеб пайдаяб нигІмат. 30 гІан цІалдохъан гІахьаллъана гьенив.

АбичІого гІоларо І962-І965 саназ, Унсоколо школалда дун цІалулеб мехалдаги букІана 11 сонилаб цІали. ЦІалун къватІире риччалаго нижее щвана батІи-батІиял махщелал: цоязе къадахъанлъи, цогидазе цІулал устарлъи ва трактористлъи. Хадуб махщелал щвей лъу-гІизаруна. Гьанже махщелал щолел гьечІониги захІматалде лъимал ругьун гьариялъул мурадалда тІоритІулел руго школазда батІи-батІиял акциял. Хурдул ракІари, сверухъ бакІал рацІцІад гьари ва цогидалги ишал гІуцІи букІине бугин загьир гьабуна жиндирго кІалъаялда занятосталъул вакил Рашид МухІамадгІалиевас лъималазулгун дандчІваялда.

**(Ахир 4 гъумералда)**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 48 (7552)
Хамиз
24 ноябрь 2022 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



# Ситуация вокруг Украины - непростая

## (Мнение политологов также разное)

Ситуация вокруг Украины складывается непростая. Мнения людей также не имеют общего знаменателя.

То, что война — это плохо. Это понятно всем нормальным людям. Но тут же стоит отметить, что это — вынужденная мера. Что это — не война, а спецоперация. Точек зрения на проблему и на дальнейшее развитие событий превеликое множество. Издание «Новые известия» поинтересовалось у политологов, как они смотрят на ситуацию, с какой стороны, каковы дальнейшие пути развития. Стоит отметить, что и тут единого мнения найти не удалось.

«Оглядываясь назад, легко понять, что не было бы у них ни потери Крыма, ни конфликта на Донбассе, ни вообще предмета для нынешнего конфликта, если бы не языковое законодательство. Всё остальное, включая декоммунизацию, репрессии против оппозиции, переписывание истории, газовый шантаж и т.д. могли бы вполне остаться — но и в этом случае даже в самой России не было бы никакого «крымского консенсуса», а была бы острая поляризация по поводу самой необходимости конфликта. Ещё и кивали бы — мол, а у самих-то? Более того, Украина была бы куда ближе к ЕС и НАТО, чем сейчас. Но если бы Путин вышел с этим своим рассказом про угрозу нацбезопасности, многие бы у нас сказали, что они-





то молодцы, интегрируются, а мы упустили свой исторический шанс и теперь на обочине, вот куда довели авторитаризм, несменяемость, коррупция. А они бы для многих были «наши люди, у которых получилось», — отметил политолог Алексей Чадаев.

«Это не война, это принуждение к миру. Знаете, в декабре 2021 года Россия сделала предложение коллективному Западу. Он отказался. С ноября 2021 года коллективный Запад закачивает Украину оружием под завязку, он нагнал туда военных экспертов, строит две военные базы на юге страны, пригласил и оплатил ЧВК. В коне концов, начал минометный обстрел и обстрел тяжелой артиллерией ЛДНР. Они что думали, что все это останется безнаказанным? Все пройдет просто так? Это последствия действий коллективного Запада. Ничего странного и нелогичного не происходит. Некоторые акторы в медиаполе рисуют апокалиптические картины, хотя, на самом деле, происходит жесткое, четкое принуждение к миру Украины. Для России санкции особой роли не сыграют», — высказал свою точку зрения политолог Алексей Мухин.

Конечно же, людей, которые считают операцию прекрасной идеей, находится немного. Более того, многие считают, что можно было обойтись и без открытого противостояния. Вот такое мнение высказал Александр Глебович Невзоров: «Спокойствие. Сейчас главное — не верить никому и ничему, понимать, что 65-80% сообщений чистые фейки. Никакой точной информации нет ни у кого. И в таких случаях не бывает. Понятно, что «триумфального марша» нет и что история грязная и долгая. Кстати, смертельная для режима. Обывательское сознание долго гипнотизировали немыслимыми возможностями современной военной техники. Опять видим доказательства, что всё фигня».

Политолог Дмитрий Орешкин высказался в наиболее категоричном ключе относительно перспектив России: «С моей точки зрения, перспективы у нашей страны отвратительные. Понятно, что экономические последствия будут очень долгосрочными. Это проблема даже не месяцев, а лет. Восстановление, даже если всё вдруг сейчас остановится, восстановление займёт минимум пару лет. Конечно, все разговоры о повышении доходов населения на 2,5%, которые обещал Путин, это уже совершенно не актуально.

Не радужные перспективы видит и Доктор политических наук, профессор Юлий Нисневич: «Будет максимально полная изоляция. По северокорейскому или иранскому варианту. Не знаю, будет ли полное эмбарго на продажу углеводородов, но торговля будет сильно ограничена. Это — точно. Я думаю, что сразу продажу углеводородов не перекроют, есть какие-то обязательства. Сейчас вряд ли кто-то на это пойдёт. Не знаю, будет ли отключение от СВИФТа, это более сложный процесс, но на банковскую систему сильно надавят. Всё что нам обещали, выполнят. Я в этом не сомневаюсь.

Двадцать лет терпели, и вот результат. Если начнутся какие-то проблемы с жертвами, то тут свое слово могут сказать военные. Потому что они оказываются на передовом крае. Я имею в виду не Шойгу, конечно, а тех полковников, у которых начнут погибать солдаты. Некая вероятность такого существует, тем более, что они друзей из спецслужб всегда не любили. Насколько это лучше, не могу сказать, но это — один из возможных сценариев отстранения этих ребят от власти».

Политолог Валерий Соловей ситуацию предсказывал достаточно давно, и отметил, что ничего удивительного он в ситуации с военной операцией не видит: «Я об этом много раз рассказывал. Есть такой сценарий, что Украина будет отрезана от побережья Чёрного и Азовского морей, будет сформировано новое правительство, которое подпишет с Россией договоры о мире, дружбе. Вечной дружбе и вечном мире. И российские военные базы и военные гарнизоны будут размещены в ряде украинских городов. В таких случаях, когда планируются масштабные операции, есть списки людей, которые подлежат интернированию, нейтрализации, в таких случаях используется какой-нибудь эвфемизм. Пока нет никаких признаков сопротивления украинской армии. Военное преимущество России неоспоримо. Это было изначально ясно».

Что ж, в настоящее время операция продолжается. Вести с территории Украины приходят противоречивые. Корреспондентов негосударственных СМИ на территории мало или вообще нет. Именно поэтому информации, которой можно поделиться со 100-процентной достоверностью, без эмоций, достаточно мало.

## ИЗВЕЩЕНИЕ

### О проведении публичных слушаний об изменении вида разрешенного использования земельно го участка находящийся по адресу: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай, ул. Балал Муххамада Ирганайского № 45, кадастровым номером 05:35:000007:495

В соответствии Федеральным законом от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в РФ», п.8 ч.1 ст.1 Земельного кодекса РФ, п.13 ст. 34 Федерального закона от 23.06.2014 г. №171 ФЗ «О внесении изменений в Земельный кодекс Российской Федерации и отдельные законодательные акты Российской Федерации», ст. 8, 36, 37 Градостроительного кодекса Российской Федерации, Приказом Минэкономразвития России от 01.09.2014 № 540 «Об утверждении классификатора видов разрешенного использования земельных участков».

На основании заявления Магомедова Абдулы Магомедовича для изменения вида разрешенного использования земельного участка, кадастровым номером 05:35:000007:495, общей площадью 1833 кв. м., местоположение: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай, ул. Балал Муххамада Ирганайского № 45, категории земель – земли населенных пунктов, с вида разрешенного использования – ИЖС на предпринимательство (4.0). провести публичные слушания.

Провести публичные слушания в здании администрации по адресу: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай, ул. имама Шамиля, № 64, 23.11.2022 года 10.00 ч.

**Глава администрации МО «село Ирганай»**
**Джамалудинов У. Х.**

# Продолжается конкурс, посвящённый предпринимателям-землякам

1 декабря 2022 года знатоков из Дагестана ждёт посвящённая предпринимателям Олимпиада с денежными призами. До 30 декабря 2022 года проводится Конкурс среди авторов публикаций и исследований о предпринимателях-земляках.

Об этом проинформировал член Общественной палаты Российской Федерации, доктор наук Леонид Шафиров – соорганизатор Всероссийского конкурса «Узнай Россию. Предприниматели – земляки». На конкурс принимаются исследовательские работы и публикации, посвящённые предпринимателям из разных регионов России – как современникам, так и тем, кто оставил след в истории. Принципиальное условие – герои конкурсных работ должны не только развивать собственное дело, но и вносить вклад в развитие территорий.

Положение о Конкурсе опубликовано на сайте Общероссийской общественной организации «Ассоциация почётных граждан, наставников и талантливой молодёжи» (https://www.glory-gallery.ru/predprinimateli-zemlyaki).

Уникальная база знаний

Реальный опыт предпринимателей разных регионов России – лучший предмет изучения для освоения основ предпринимательства, – уверены организаторы конкурса. Знакомясь с ним, можно найти и вдохновляющую идею для будущего бизнеса, и научиться использовать кризисную ситуацию как точку роста, и получить совет в сфере личностного развития, который с равным успехом можно применить как в решении бизнес-задач, так и в повседневной жизни. Более 350 предпринимателей из 60 регионов России уже стали героями Всероссийского конкурса. Конкурсные работы опубликованы в группе 4 оператора проекта в социальной сети Вконтакте https://vk.com/glorygallery со специальным хештегом #предпринимателиземляки.

**Онлайн-олимпиада**

Многие из героев конкурсных работ изучали модели потребительского поведения и постигали моменты истины не в учебных аудиториях, а путём собственных проб и ошибок. Соотнести практический опыт земляков с теоретическими основами предпринимательства предстоит участникам онлайнолимпиады, которая состоится 1 декабря 2022 года, в 13:00 (МСК) на YouTubеканале «Узнай Россию». Ознакомившись с историей предпринимателя, знатокам предстоит определить, какими аналитическими инструментами (научными и управленческими подходами) менеджмента он пользовался или мог воспользоваться в решении бизнес-задачи, или которые уместно применить при анализе деятельности предпринимателей.

Ссылка на предстоящую трансляцию https://youtu.be/_RB0zJXXfJU.

Регистрация участников Олимпиады для получения призов и сертификатов – по ссылке https://forms.yandex.ru/u/6357ae43e010db240803dabe/.

Нужеда рагIун букIанищ?

# НагIанаялъул къуват

ГIемерисел гIалимзабаз рикIкIуна кьураб нагIанаялъ (проклятие) чиясе зарал гьабуларин гьев божичIони ва талихIкъосиналъухъ живго валагьун чIечIони. Амма дунялалда руго гIемерал жидедаго тIаде кинабго цIалел ва хIинкъулел гIадамал. Гьединал гIадамал ккезеги ккола нагIанаялъул квешаб асаралде гьоркье.

Щиб лъугьунеб гIадамасе нагIана кьурал рагIабаздаса хадуб? Гьеб заманалда жанив гIадан вукIуна щцим бахъараб ахIвал-хIалалда, гьелъ чIезабула чиясул биополе. Биополеялда лъурал ругьназул захIматаб асаралъ квешаб хIал лъугьинабула жанисел органазе ва нагIана кьураб къурбан унтизе лъугьуна. ГIелмиял цIех-рехаз бихьизабулеб буго дандиясул квешал рагIабаз квешаб асар гьабулин генетикияб рахьалъ сахав чиясеги,- абун. Гьедин бачIарабги буго къурбанлъун ккарасул букIараб захIматаб хIал гьесул хадусеб гIелалъухъеги кьолин абиги. Хвалил асаралда гьоркь вугев чиясда кьваридаб хабар бицани, кIудияб бакIлъиялде гьоркье ккола гьев, ай тIаде рачIуна цогидалги лъикIал гурел асарал, захIмалъаби.

Бищунго кьабулаблъун букIунеб бу го эбел-инсул лъимал ккола кьолеб нагIана. Гьелъ рачуна гIицIго унтиялде гуребги кинабго квешабщиналде, рес буго лъималазул хадусеб потомство лъикIаб гьечIеб бижизеги. Лъималаз жидерго эбел-инсуе нагIана кьолеб бугони, абула тухумго тIагIине рес бугин. Гьединал нагIанаби хIалтIула цIакъго хехго. Гьединлъидал цIакъго кIварбугохъизан-лъималаздагьоркьоб гIодобе биччараб хIал букIиналъул. Квелъ базе ккола нилъерго лъикIал гурел асаразда, щим нахъе чIван, гIодоре риччазаризе ккола нилъго яги дандияв, ургъун бицине ккола рагIи.

ЗахIматалъул тарбия

# ЗахIматалъулъ лъадарула чи



Гьес гьенибго баян гьабуна каникулазул заманалда цоги-цогидал школаздаги тIоритIизе рукIин гьединал акциял. -Гьелъ рес кьезе буго лъималазда батIи-батIиял хурдул лъазе, сверухълъи бихьизе, рацIа-ракъалъи чIезабизе, гьудул-гьалмагълъи щула гьабизе ва гь. ц.

Аллагьас къуват кьеги гIун бачIунеб гIелалъе лъикIаб гьабизеги, бихьизеги ва квешаб рехун тезеги.

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**

Пайдаяб малъи

# Гьуинаб гIумроялъул анкь

ГIалимзабаз чIезабун буго рекIелгун захIмалъаби ругезе шоколадалъул данде кквезе цоги жо гьечIеб пайда бугилан. Гьелъ лъикIлъизабула бидул хьвади, данде чIола инсульт-инфаркт ккезе рес бугел гIилабазда, къеркьола чIалгIенгун ва херлъигун. ЧIезабун буго гьуинлъи цIикIкIун кваналел эбелазул лъимал гIадамазулъ гьуинал, гIумро рохалида тIамулел рукIунилан.

Амма гьеб кинабго буго кьогIаб шоколадалъулъ. хъахIаб шоколадалъул плиткаялъул цIикIкIараб, пайда гьечIо, гIицIго карамелазулъ ругелгIан гурони. ЦIакъго шоколадалде цIайи бугезе гьеб продукталъ зарал кьола, ай гьелде ругьунлъула кофеялде, хъалияналде, наркотиказде гIадин.

ЦIакъго гьуинлъиги бокьулел, тIеренлъизеги кIоларого ругел гIадамазе бихьизабун буго шоколадалъул диета. Гьеб гьабуни анкьида жаниб 6-7 кг. цIайи тIаса рехизе кIолеб буго. Кьойида жа ниб кваназе кколеб буго I00 гр. цIикIкIун шоколадалъул (горький), чIегIераб кофе чакарги бачIого дандеги гьекъон. Шоколадалъ гIодобе ккезабула кванде бугеб гьира, кигIан ракъун ругониги. Гьеб диета бихьизабун буго 5-7 кьойие, хадуб анкьил перерыв гьабизе ккола.

Гьуинаб анкьил ахиралда анкьида жаниб цо нухалъ бегьула шоколад кваназе. Бицен гьабулеб буго кьогIаб шоколадалъул.


| | | | |
|---|---|---|---|
| Газета основана 1937 г. УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района. Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД. Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940 | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21. Подписано в печать - 24.11.2022 г. 14.50 фактически -16. 45 мин. ........................................ Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 988 экз. |